



Pou Piblikasyon Imedya: 02/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON PWOJÈ REZISTANS NAN KONTE CAYUGA

**1.5 milyon dola te bay ak Vil Sterling pou amelyorasyon nan wout yo; pral asire  
pasaj veyikil rezidansyèl ak ijans san entèripsyón**

**Achèvman dragaj nan Little Sodus Bay nan kad Pwogram Dragaj Rejyonal REDI  
15 milyon dola a**

**Sibvansyon pwojè ke Inisyativ Rezistans ak Developman Ekonomik Gouvènè  
Cuomo a bay**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a kòmansman konstriksyon yon pwojè 1.5 milyon dola, ke yo te bay Vil Sterling, Konte Cayuga, atravè [Inisyativ Rezistans ak Developman Ekonomik](#) (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI)

Ian. Doub kanivo ki egziste ki travèse McIntyre Road sou Sterling Valley Creek se sèl wout aksè pou rezidans lokal yo ak pwopriyete agrikilti yo nan nò Sterling Creek.

Sitiyasyon inondasyon 2019 yo te lakòz inondasyon kanivo a ak ewozyon ranblè sou wout la nan antre ak soti kanivo a. Pou kenbe wout enpòtan sa a ouvri, reparasyon dijans yo dwe fèt. Amelyorasyon yo ki fè pati pwojè sa a pral asire pasaj veyikil rezidansyèl ak ijans san entèripsyón.

Mezi rediksyon yo pou pwojè sa a gen ladan eliminasyon kanivo doub barik ki egziste a. Estrikti a pral ranplase avèk yon pon ki gen yon trave inik 71 pye. Ranblè wòch pral enstale devan poto yo ak sou mi lateral yo pou pwoteje estrikti a kot ewozyon alavni.

"An 2019, inondasyon entans yo sou rivaj Lak Ontario yo te lakòz seksyon yo sou wout la inonde nèt nan dlo, sa ki rann vwayaj yo danjere epi nan kèk ka fòse fèmti dijans", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sekirite Nouyòkè yo se premye priyorite nou. Atravè REDI, n ap asire lè gen sitiayon gwo dlo ki rive, wout yo rete lib ak ouvri pou pèmèt vwayaj sekirèt yo kontinye pou veyikil rezidan ak ijans yo. Nou p ap sèlman repare enfrastrikti ki afekte yo; nou pral reyimajine ak rekonsenti pi byen, pi djanm ak pi rezistan".

"Kominote ki sou Lak Ontario yo te fè fas ak inondasyon devastatè nan dènye ane yo akòz efè chanjman klimatik epi New York ap trase chemen an nan ede kominote sa yo rekonsenti yon fason pi rezistans pou lavni", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Pwojè rezistans lan k ap kòmanse an Vil Sterling, epi ki te fini dènyeman nan

Little Sodus Bay, non sèlman pral pwoteje kont inondasyon alavni, men tou amelyore sekirite publik sou wout enpòtan yo ak ranfòse touris nan asire aksè ak Iwazi san danje pou kanotye yo".

Anplis de sa, Gouvènè Cuomo te anonsé achèvman dragaj nan Little Sodus Bay nan Konte Cayuga nan kad Pwojè Dragaj Rejyonal REDI ki koute 15 milyon dola, ki retire sediman ki akimile soti anba nan vwa navigab la pou pèmèt bato yo kontinye pase san danje.

Pwojè Little Sodus Bay la te retire anviwon 6,000 pye kibik sediman, ki te answit depoze nan pati lès rivaj kanal navigasyon an pou rekonstwi ak pwoteje plaj la.

**Komisè Depatman Transpò Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare**, "Nan travay ansanm avèk patnè lokal nou yo, Eta New York ap fè envestisman entèlijan, sible tankou sa yo ki pral ede nou leve defi chanjman klimatik global yo ak pèmèt kominote yo sou rivaj Lak Ontario a diminye danje pou gen dlo inondasyon ki monte. Pwogram REDI a se yon temwayaj lidèchip Gouvènè Cuomo epi demonstre sa Nouyòkè yo kapab atenn lè nou tout travay ansanm".

**Komisè Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services) la, RoAnn Destito te deklare**, "Nan kolaborasyon avèk ajans Eta nou an ak patnè lokal nou yo, n ap rezoud sekirite kanotye Iwazi yo, sipòte ekonomi touris rejyon an, ak amelyore abita bète sovaj rivaj la atravè Pwogram Dragaj REDI Gouvènè Cuomo a. Tout travay k ap fèt nan kad inisyativ REDI Gouvènè a ap ranfòse kominote yo ke inondasyon sou Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan te frape di, epi mwen fyè espesyalman pou patisipasyon ajans mwen an ak akonplisman yo ki fèt nan Pwogram Dragaj la".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral DASNY, Reuben McDaniel III, te deklare**, "DASNY fyè sipòte vizyon Gouvènè Cuomo pou pwoteje kominote yo kont inondasyon ak pou amelyore sante, sekirite ak ekonomi rezidan nan Konte Cayuga yo. Pwojè yo tankou amelyorasyon wout Vil Sterling demonstre angajman Gouvènè Cuomo pou rasanble responsab eta ak lokal yo pou pwoteje enfrastrikti ak vitalite ekonomik kominote sou bò dlo New York yo".

**Senatè Pamela Helming te deklare**, "Envestisman ki fèt nan Vil Sterling nan kad inisyativ REDI a enpòtan pou ranfòse enfrastrikti ki vital pou stabilite ekonomik ak kwasans kominote bò dlo nou yo. Pwojè sa yo pwoteje pwopriyetè lokal ak biznis lokal yo epi sipòte aktivite touris ki enpòtan anpil pou Sterling ak Konte Cayuga. Mèsi pou Vil Sterling, Eeta New York ak Komisyon REDI a".

**Manm Asanble Brian Manktelow te deklare**, "Lè Eta a envesti nan enfrastrikti lokal, se yon viktwa pou tout rezidan yo nan kominote a. Atravè pwogram REDI a, Vil Sterling te kapab sekirize fon ki nesesè, pandan li toujou kapab ekonomize ak aplike lajan pou lòt pwojè lokal. Nan amelyore McIntyre Rd pou ede diminye efè inondasyon Lak Ontario a, n ap bay soulajman ak pwopriyete vwazen yo, wout yo ansanm ak lòt kouran dlo yo. Efè enjeniri sa a pral gen enpak nan tout kominote a. Nouvo enjeniri an

pral bay pwoteksyon kont ewozyon, ranplase kanivo ki deteryore yo ak redui vitès kouran dlo yo. Kòm yon eta, nou gen responsabilite pou pwoteje kominate nou yo, epi mwen kwè sa se yon gwo pa lè nou fè sa. Mèsi ak nou tout dèské nou te patisipe nan pwojè sa a".

**Sipèvizè Vil Sterling nan, Scott Crawford, te deklare,** "Nou fyè dèské nou te fè patenarya avèk Eta New York pou pwojè McIntyre Road enpòtan an. Atravè pwogram REDI Gouvènè a, mizajou enpòtan yo pral fèt pou asire nou pa oblige fèmen wout la pandan moman gwo dlo yo. Amelyorasyon sa yo pral pwoteje rezidan ak vizitè Sterling yo, nan pèmèt pasaj sekirité ansanm ak asire veyikil ijans yo kapab reponn rapid ak apèl yo".

Nan repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Gouvènè Cuomo te kreye REDI a pou ogmante rezistans kominate bò rivaj yo epi estimile devlopman ekonomik nan reyon an. Yo te etabli senk Komite Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Committees) REDI yo, ki gen reprezantan ki soti nan uit konte, Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence, pou idantifye priyortite lokal yo, enfrastrikti ki gen risk ak lòt resous yo, ak enkyetid konsènan sekirite piblik la. Komisyón REDI a te atribye 20 milyon dola pou bay pwopriyetè kay yo asistans, 30 milyon dola pou amelyore rezistans biznis yo, ak 15 milyon dola pou yon efò dragaj rejyonal ke chak nan uit konte nan reyon REDI yo ap benefisyé. Yo te atribyiye balans 235 milyon dola ki rete a, bay pwojè lokal ak rejyonal ki fè avanse epi montre egzanp misyon REDI a. Anba enstriksyon Gouvènè Cuomo, Komisyón REDI a te vizite zòn ki te frape anpil anba inondasyon Lak Ontario yo epi li te travay avèk kominate lokal yo pou vini avèk yon novo vizyon pou bò rivaj la nan yon pwendvi ki chita alafwa sou rezistans ak devlopman ekonomik dekwa pou rekonstwi pi byen ak pi solid alavni.

Depi kreyasyon pwogram REDI Gouvènè a nan prentan 2019, 133 pwojè lokal ak rejyonal REDI finanse yo ankou, ki enkli 100 pwojè nan faz konsepsyon, 17 pwojè nan faz konstriksyon ak 16 pwojè ki konplete.

Nou kapab jwenn enfòmasyon anplis, pwofil pwojè yo ak nouvèl sou REDI, klike [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)